**Dokiman sa a PA yon dokiman legal se pou tradiksyon sèlman**
**This is NOT a legal document and is for translation purposes only**



**Leta Noudjèze**

## Lwa sou Prevansyon Vyolans Domestik

Prevention of Domestic Violence Act/Final Restraining Order (FRO) – Haitian Creole

**_____________ Konte, Tribinal Siperyè, Depatman Chansèlri, Seksyon Koze Lafanmi**

☐ **Dènye Lòd Entèdiksyon (FRO)** ☐ **Dènye Lòd Entèdiksyon Modifye**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Nimewo rejis **FV -** | | Dat Nesans Plenyan a | Sèks Akize a | Ras Akize a | |
| Nan koze dosye Plenyan a | | Nimewo Sekirite Sosyal Akize a | Dat Nesans | Wotè | Pwa |
| Akize a | | | Koulè zye | Koulè Cheve | |
| Nimewo Telefòn kay la | Nimewo Telefòn Travay | | Mak Karakteristik (Sikatris, Pwal nan Figi, Elatriye) | | |
| Adrès kay w | | | Nimewo Lisans pou Kondwi | | |
| Adrès Travay | | | Leta | Dat Ekspirasyon Lisans Kondwi | |

Aprè ke Tribinal la fin konsidere Plent Plenyan a ki date _____________ kote li mande yon LÒD daprè Lwa Prevansyon Vyolans Domestik la, epi aprè ke jirisdiksyon a finn etabli konsènan sijè an kesyon a ansanm ak tout pati yo konfòm ak *N.J.S.A.* 2C:25-17 *et seq*., epi aprè li finn detèmine ke akize a komèt yon zak vyolans domestik, ak satisfè tout lòt egzijans lalwa yo:

Li Òdone ke _________ nan dat jou sa a ___________ ____, ke:

**Mande Akòde Pati 1 - Rekou**

**AKIZE A:**

1. ☐ ☐ Yo entèdi w komèt okenn zak vyolans domestik nan lavni

2. ☐ ☐ Yo entèdi w prezante nan lye swivan sa yo:
   ☐ **Kay (oswa kay yo) Plenyan a** ☐ **Lye Travay Plenyan a**
   ☐ Lòt

3. Yo entèdi w pran **<u>okenn</u>** kontak oral, alekri, pèsonèl, elektwonik, oswa nenpòt ki lòt fòm kontak oswa kominikasyon ak:
   ☐ ☐ Plenyan a
   ☐ ☐ Lòt (Enimere tout non ak relasyon yo ak Plenyan a):

4. Yo entèdi w fè oswa mande lòt moun kominike pou agase:
   ☐ ☐ Plenyan a
   ☐ ☐ Lòt (Menm jan li mansyone anlè a oswa enimere tout non ak relasyon yo ak Plenyan a):

5. Yo entèdi w pouswiv, swiv, oswa menase pou donmaje, pouswiv oswa swiv:
   ☐ ☐ Plenyan a
   ☐ ☐ Lòt (Menm jan li mansyone anlè a oswa enimere tout non ak relasyon yo ak Plenyan a):

6. Ou oblije peye tout lajan sipò ki akimile (dekri montan a ak metòd la):
   ☐ ☐ Plenyan a: $ ____________________ Apati di: __________
   ☐ ☐ Tout sa ki sou kont ou: $ ____________________ Apati di: __________

7. ☐ ☐ Lòt sipò apwopriye:
   Akize a (enkli abi sistans, abi, sante mantal oswa lòt evalyasyon ak tout tretman ki swiv yo):

8. ☐ ☐ Evalyasyon Sikyatrik:

9. ☐ ☐ Sivèyans tout kondisyon ak entèdiksyon pa Moun an chaj jesyon dosye w (espesifye):

**AVI BA AKIZE A:** Yon vyolasyon nenpòt ki dispozisyon sa yo ki enimere nan lòd sa a kab konstitiye antan ke yon dezobeyisans sivil oubyen kriminèl konfòm a *N.J.S.A*. 2C:25-30 e li ta kab abouti nan arestasyon ou, pouswit lajistis, ak posibilite pou yo mete w nan prizon, ak yon amann oubyen santans nan prizon. **Sel tribinal la kab modifye nenpòt nan tèm oswa kondisyon lòd tribinal sa a.**

se pou tradiksyon sèlman

☐ **Dènye Lòd Entèdiksyon (FRO)** ☐ **Lòd Restriksyon Modifye** **FV-**

| Mande | Akòde | **Pati I –** Kontinyasyon **Rekou** |
|---|---|---|
| 10. ☐ | ☐ | **AKIZE A:**<br>**ENTÈDIKSYON POU GEN ZAM**: Yo entèdi w genyen **kelkeswa nenpòt ki zam afe oswa lòt zam**, epi tou, ou fèt pou remèt tout zam afe sa yo, zam, pèmi pou pote zam, aplikasyon pou achte zam afe ansanm ak tout kat idantite pou achte zam ba ajan kab sèvi Lòd tribinal sa a. Si w pa fè sa, sa ta kab abouti nan arestasyon oswa prizon.<br>Lòt Zam (dekri) |
| 11. ☐ | ☐ | **PLENYAN A:**<br>Yo akòde w posesyon esklizif de (fwaye a oswa lòt kay, enimere adrès la sel si w akize a konnen li espesifikman): |
| 12. ☐ | ☐ | Yo akòde Plenyan a lagad tanporè de (espesifye non a (non yo)): |
| 13. ☐ | ☐ | Lòt rekou apwopriye:<br>Plenyan (dekri)<br>Timoun (dekri) |

**AJAN FÒSDELÒD**

Ou fèt pou akonpaye sou lè lye, fwaye, biwo travay pataje, lòt (endike adrès, lè, dire ak rezon):

☐ ☐ Plenyan a:

☐ ☐ Akize a:

**MANDA PÈKIZISYON AK MANDA POU SEZI ZAM POU PWOTEKSYON**

☐ **Pou nenpòt ki Ajan fòsdelòd ki gen jirisdiksyon -** Lòd sa a ap sèvi antan ke manda pèkizisyon pou ak sezi nenpòt ki pèmi ki te emèt pou pote zam afe, aplikasyon pou achte zam afe ak kat idantite pou achte zam afe ke yo te emèt ba akize a ansanm ak swivan zam afe (zam afe sa yo) oswa zam (zam sa yo).

1. **Yo òdone w** pou fouye lye yo pou zam ki dekri anlè a ak/oswa tout pèmi pou pote zam afe, aplikasyon pou achte zam afe ak tout kat idantite pou achte zam afe epi pou sèvi kopi lòd sa a ba moun ki nan lye a oswa lokal ki dekri antan ke:
2. **Yo òdone w** nan ka w, ou ta sezi nenpòt nan zam ki dekri anlè a, pou bay resi pou pwopriyete ki sezi a ba moun ou sot sezi zam yo oubyen moun ki te genyen zam la nan posesyon li, oubyen si moun sa pata la pou kite yon kopi lòd sa a ansanm ak resi a nan oswa nan estrikti kote w te pran pwopriyete a.
3. **Ou fèt pou egzekite** Lòd sa a imedyatman oubyen osito ke posib.
   ☐ Nenpòt ki lè ☐ Lòt: ____________________
4. **Yo òdone w tou,** ke aprè w fin egzekite Lòd sa a, pou bay tribinal la yon envantè alekri de pwopriyete ki sezi atravè Lòd sa a le pli vit posib.

**AVI BA AKIZE A:** Yon vyolasyon nenpòt ki dispozisyon sa yo ki enimere nan lòd sa a kab konstitiye antan ke yon dezobeyisans sivil oubyen kriminèl konfòm a *N.J.S.A.* 2C:25-30 e li ta kab abouti nan arestasyon ou, pouswit lajistis, ak posibilite pou yo mete w nan prizon, ak yon amann oubyen santans nan prizon. **Sel tribinal la kab modifye nenpòt nan tèm oswa kondisyon lòd tribinal sa a.**

se pou tradiksyon sèlman

☐ **Dènye Lòd Entèdiksyon (FRO)** ☐ **Lòd Restriksyon Modifye** **FV-**

**Mande Akòde** **Pati II - Rekou**

**AKIZE A:**

1 ☐ ☐ Ou rekonèt timoun ki rele: ______

2. ☐ ☐ Ou fèt pou soumèt ou a yon tès jenetik: ______

3. ☐ ☐ Yo pa akòde w tan pou konsakre ba timoun la (vizit) jiska nouvèl òd: ______

4. ☐ ☐ Tan pou konsakre ba timoun la (vizit) konfòm ak (anvan FV, FM, oswa Lòd FD a) #______ ranvoye, yon nouvo odyans pwograme pou: ______.

5. ☐ ☐ Yo òdone tan pou konsakre ba timoun la (vizit) jan li swiv anba la a: (espesifye a kilè w ap depoze oswa ramase ansanm ak lye yo, patisipasyon oubyen sipèvizyon tyès pati a):

6. ☐ ☐ Yo òdone jesyon konsènan Ris (espesifye pa kilès): ______
______ Dat pou Remèt: ______

7. ☐ ☐ Ou fèt pou peye konpansasyon jan li swiv anba la a: (Avi apwopriye anekse antan ke pati Lòd sa a)

☐ ☐ Pèyman sipò akimile - Plenyan a: $______

☐ ☐ Pèyman sipò akimile- Tout moun ki sou kont ou: $______

☐ Sipò pwovizwa - Plenyan a: $______

☐ Sipò pwovizwa - Tout moun ki sou kont ou: $______

☐ ☐ Sipò an pèmanans pou Plenyan a: $______ Apati di: ______

Peye atravè retni sou revni: ______ Depatman Libètè Siveye ______

☐ ☐ Lòt: ______

☐ ☐ Pansyon alimantè pou timoun an pèmanans: $______ Apati di: ______

Peye atravè retni sou revni: ______ Depatman Libètè Siveye ______

☐ ☐ Lòt: ______

8. ☐ ☐ Kouvèti medikal pou plenyan a: ______

9. ☐ ☐ Kouvèti medikal pou tout moun ki sou kont ou: ______

10. ☐ ☐ Dedonmajman pou plenyan a: $______

11. ☐ ☐ Konpansasyon pou domaj pinisab (dekri): $______

12. ☐ ☐ Ou fèt pou peye konpansasyon ba (espesifye tyès pati ak/oswa VCCO epi dekri):

13. ☐ ☐ Ou fèt pou patisipe nan yon pwogram entèvansyon pou agresè (espesifye):

14. ☐ ☐ Ou fèt pou peye ☐ lwaye ☐ ipotèk tout lòt peyman yo (espesifye montan (montan yo) dat echeyans (dat echeyans yo) ak metòd peyman a):

15. ☐ ☐ Yo akòde akize a posesyon tanporè swivan atik pèsonèl sa yo (dekri):

16. ☐ ☐ Yo akòde akize a gad tanporè de (espesifye non (non yo)):

☐ **Ou fèt pou soumèt ou a priz danpwent ansanm ak tout lòt pwosedi idantifikasyon yo jan lalwa egzije li ak konfòm ak *N.J.S.A.* 53:1-15.**

☐ Ou fèt pou peye yon amann sivil de $______ ($50.00 jiska $500.00 daprè *N.J.S.A.* 2C:25-29) ba: ______ nan ______ jou. Yap fè w peye yon frè de $2.00 antan ke frè pou tranzaksyon a pou chak peyman oswa peyman pasyèl ou fè.

☐ Dispanse poutèt gwo difikilte finansye: ______

**Mande Akòde**

**PLENYAN A:**

17. ☐ ☐ Yo akòde Plenyan a posesyon tanporè swivan atik pèsonèl sa yo (dekri):

**AVI BA AKIZE A:** Yon vyolasyon nenpòt ki dispozisyon sa yo ki enimere nan lòd sa a kab konstitiye antan ke yon dezobeyisans sivil oubyen kriminèl konfòm a *N.J.S.A. 2C:25-30* e li ta kab abouti nan arestasyon ou, pouswit lajistis, ak posibilite pou yo mete w nan prizon, ak yon amann oubyen santans nan prizon. **Sel tribinal la kab modifye nenpòt nan tèm oswa kondisyon lòd tribinal sa a.**

se pou tradiksyon sèlman

☐ **Dènye Lòd Entèdiksyon (FRO)** ☐ **Lòd Restriksyon Modifye** **FV-**

**Remak:**

**Adendòm:**

**Lòd sa a ap rantre an vigè imedyatman epi li fèt pou rete an vigè jiska nouvèl òd Tribinal Siperyè a, Depatman Chanselri, ak Pati Koze Lafanmi a.**

Dat ____________ s/ ____________ Onorab

## Tout Ajan Fòsdelòd a va Sèvi ak Anfòse Entegralman Lòd sa a. Yo Pa Gendwa Arete Plenyan a Pou Vyolasyon Lòd Entèdiksyon sa a.

- **Dènye Lòd Entèdiksyon sa a Emèt aprè yo founi Akize a ak yon Avi ansanm ak Opòtinite pou yo tande li epi yo fèt pou Akòde li Bòn Fwa ak Kredi Konfòm a Lwa 1991 Vyolans kont Fanm, Sec. 40221, Kodifye nan 18 U.S.C.A. S2265(A) ak S2266.**
- **Si Yo ta Òdone, e ke yo ta jwenn bon jan fondman pou Tribinal la mande Pèkizisyon ak Sezi tout Zam afe ak tout lòt Zam jan li endike nan Manda a.**
- **Yo entèdi akize a pou li genyen nenpòt ki Zam, Kat Idantite oswa Pèmi pou Achte toutotan lòd sa a an vigè, oswa pou Dezan, selon peryòd ki ta pi plis la.**

## Avi Ba Plenyan ak Akize

**ENPÒTAN:** Pati yo pa gendwa chanje tèm Lòd sa a poukont yo. Lòd sa a kab chanje oswa revoke pa Tribinal Koze Lafanmi a sèlman. Akize ki nonmen nan lòd **la pa gendwa** gen okenn kontak ak plenyan a san pèmisyon tribinal la. Si w ta renmen chanje tèm Lòd sa a ak/oswa retounnen abite ansanm, ou **fèt** pou konparèt nan tribinal la pou yon lòt odyans.

## Avi ba Akize a

Vyolasyon nenpòt dispozisyon ki enimere nan Lòd sa a oswa pa konfòme ak direktiv pou remèt tout zam, pèmi pou zam afe, aplikasyon oubyen tout kat idantite ta kab konstitiye yon mankdega ba tribinal la konfòm ak *N.J.S.A.* 2C:29-9(b), epi tou li ta kab konstitiye vyolasyon lòt lwa leta ak federal ki ta kab abouti a yon arestasyon ou ak/oswa pouswit kriminèl. Li ta kab abouti tou a yon santans nan prizon.

## Verifikasyon ke yo Sèvi Papye yo

☐ Founi Plenyan ak yon kopi Lòd la

Enprime Non ____________ Lè ak dat ____________ Siyati/Nimewo Ensiy/Depatman ____________

☐ Ak dokiman sa a mwen sètifye ke mwen sèvi Lòd sa a lè mwen fè livrezon kopi a ba akize a an pèsòn:

Enprime Non ____________ Lè ak dat ____________ Siyati/Nimewo Ensiy/Depatman ____________

☐ Ak dokiman sa a mwen sètifye ke mwen sèvi Lòd sa a ak sèvis ranplasman jan li endike anba la a:

Enprime Non ____________ Lè ak dat ____________ Siyati/Nimewo Ensiy/Depatman ____________

☐ Mwen pat kab sèvi dokiman yo ba Akize a (eksplike):

Enprime Non ____________ Lè ak dat ____________ Siyati/Nimewo Ensiy/Depatman ____________

**Tribinal la aksesib a tout moun ki enfim yo. Tanpri notifye Tribinal la si w bezwen èd.**

Distribisyon: Pati Koze Lafanmi, Plenyan, Akize, Sherif, Lòt ____________

se pou tradiksyon sèlman